



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEZYÈM FAZ FINANSMAN FEDERAL POU BAY 5.7 MILYON DOLA SOULAJMAN COVID-19 BAY ENDISTRI LAPÈCH MARITIM NEW YORK LA

Pwogram Sekou pou Lapèch New York la ap bay pèman dirèk pou ede abòde pèt komèsyal ki gen rapò ak pandemi an

Peryòd aplikasyon 45 jou an ouvri 1 desanm

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse gen 5.7 milyon dola finansman federal ki disponib nan [Pwogram Sekou Lapèch Maritim New York](#) (Marine Fisheries Relief Program) ki etabli pa Lwa sou Kredi Konsolide (Consolidated Appropriations Act) 2021 an pou bay soulajman finansye pou sektè lapèch maritim New York la. Biznis fwidmè, lapèch maritim komèsyal, ak biznis lwazi lokasyon pou lapèch maritim ki kalifye yo pral aplike pou finansman an apati 1 desanm. Finansman sa ajoute sou 6.7 milyon dola Lwa sou Èd pou Kowonaviris, Soulajman ak Sekirite Ekonomik (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security, CARES) bay la, pou yon total 12.4 milyon dola èd pou sektè fwidmè, lapèch maritim komèsyal, ak lapèch pou lòt moun, apre pèt eksesif biznis yo an 2020 ak 2021 akòz pandemi COVID-19 la.

"Pandemi COVID-19 la kontinye deranje sektè lapèch komèsyal New York la ke touris dinamis, restorasyon ak opòtinite lwazi yo depann de li," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa esansyèl pou ede kominote bò kot ki te jwe yon wol vital depi lontan nan siksè ekonomik Eta a. Administrasyon mwen an rete angaje pou sipòte sektè lapèch maritim ak fwidmè yo isit la nan New York san pran souf pou asire yo bay sipò finansye pou tout kandida ki kalifye yo."

Resous maritim New York yo enpòtan anpil pou ekonomi Eta a, nan sipòte prèske 350,000 djòb epi jenere plizyè milya dola atravè endistri touris, pèch ak lòt endistri ankò. Se Administrasyon Endistri Lapèch Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik (National Oceanic Atmospheric Administration, NOAA) Fisheries ki te detèmine total 12.4 milyon dola nan alokasyon Pwogram Sekou Lapèch Maritim lan baze sou revni mwayèn anyèl totalbiznis yo ki gen rapò ak lapèch New York yo, ki pa reflekte pèt ekonomik total endistri a akòz COVID -19 la. DEC (Department of Environmental Conservation: Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral) te travay an kolaborasyon avèk NOAA Fisheries ak Komisyon sou Endistri Lapèch Maritim Eta ki sou Zòn Oseyan Atlantik yo

(Atlantic States Marine Fisheries Commission, ASMFC) ki etabli kad pou distribye finansman sa.

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Pandan plizyè santèn lane, sektè lapèch Eta New York la te fason ekonomi ak kilti nou. Sektè sa yo te eksperimente defi ki enpòtan epi chanje nan deseni resan yo, adapte ak avansman nan teknoloji ak menas chanjman klimatik la, pandan l ap toujou bay machandiz ak sèvis valab pou Nouyòkè yo. Pandemi COVID-19 la te defye ekonomi nou an nan fason sanzatann epi n ap santi l pandan ane k ap vini yo, epi finansman ki anonse jodi a ap ede asire ke sektè lapèch Eta a gen opòtinite pou kontinye konstui eritaj yo alavni."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Sa se yon GWO priz pwazon pou pechè New York yo. Mwen fyè paske mwen te akwoche 12.4 milyon dola soulajman federal sa pou biznis nan Gran Lak yo rive nan Detwa Long Island lan. Sektè marin New York la toujou ap vasiye nan enpak pandemi COVID-19 la epi asistans ki devwe sa ap ede youn nan sektè eritaj ki pi anyen yo soti nan dlo twouble yo epi mete vwal pou rekiperyasyon ak vè yon avni ki pi briyan."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Finansman sa ap bay soulajman ki tèlman nesèsè pou lapèch maritim New York la. Mwen fyè paske mwen te travay pou adopte Lwa CARES la epi m ap kontinye lite pou bay finansman federal pou biznis New York yo pandan n ap kontinye rekipere de pandemi an."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Pandan n ap kontinye rekonstui soti nan pandemi devastan sa, retabli sektè lapèch maritim, touris lokal, ak lapèch rekreatif nou an esansyèl nan rekiperyasyon ekonomi nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò jodi a pou bay faz finansman federal siplemantè sa pou asire ke resous federal ki nesèsè yo disponib pou ede restore ekosistèm bò rivaj nou yo pandan l ap konbat chanjman klimatik la atravè inisyativ tankou Pwogram Resif Atifisyèl (Artificial Reef Program) New York la epi konstui enfrastrikti dlo pwòp."

Nou ankouraje tout patisipan potansyèl yo pou revize tout kritè ki nan [Plan Depans Sekou pou Lapèch Maritim \(PDF\)](#) ki pibliye sou sit entènèt DEC a. Aplikan ki te resevwa finansman pandan premye faz Pwogram Soulajman pou Lapèch Maritim lan kalifye pou aplike pou dezyèm faz la. Yo afiche aplikasyon yo sou [sit entènèt DEC la](#) epi yo te voye avi bay detantè pèmi maritim yo, gwoup konsiltatif moun ki gen enterè yo, ak lòt pati ki potansyèlman elijib yo. **DEC ap aksepte aplikasyon apati 1ye desanm jiska 14 janvyè 2022.**

Ou ka jwenn enstriksyon detaye pou ranpli aplikasyon elektwonikman sou [sitwèb DEC a](#). Pou plis enfòmasyon, kontakte fisherydisaster@dec.ny.gov oswa rele (631) 444-0473.

Lè peryòd aplikasyon an fèmen, DEC a ap bay yon opòtinite pou aplikan sa yo ke yo te refize aplikasyon yo pou fè apèl. DEC ap travay an kolaborasyon avèk ASMFC pou distribye finansman bay aplikan ki apwouve yo epi èd la ap debloke depi tout

aplikasyon yo resevwa yo fin trete. Gen kèk benefisyè prim ki ka sijè ak yon odit federal.

Eta New York ap fè anpil efò pou fè pwomosyon lapèch rekreyatif, restore ekosistèm marin lan, ranfòse ekonomi Long Island lan epi konbat chanjman klimatik la. Sa enkli ekspansyon Pwogram Resif Atifisyèl la, pi gwo pwogram ewolyen nan zòn kot yo, investiman rekò nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund) ak nan enfrastrikti dlo pwòp, yon entèdiksyon sou foraj nan zòn kot yo, adopsyon 'pwojè Iwa "Bunker" a pou entèdi yo itilize filè ak senn pou menaden, ak pwogrè kontini nan Inisyativ Restorasyon Kristase nan Long Island (Long Island Shellfish Restoration) lan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418